

Lèt pou Tit



PREMYE KOZE A

Poukisa yo ekri lèt sa a?

Lèt pou Tit la ak premye lèt pou Timote a pale sou menm pwoblèm. Yo te kòmanse anonse Levanjil la, yo te fonde plizyè kominote, epi kèk lane pi ta, gen anpil bagay ki te bay kominote yo pwoblèm. Te gen kèk kretyen jwif ki te kòmanse melanje Levanjil la ak Lalwa Moyiz la epi ak kèk lide ki sòti nan filozofi grèk yo rele «nostisis» la. Nan mele yo mele tout bagay yo, yo preche pou kretyen yo pa manje kèk manje, swadizan yo pa bon, epi yo pa dakò ak maryaj. Epitou vye abitud ki sòti nan lide pèp etranje yo ki antre nan kominote a, ki gate moral kretyen an. Li bon pou nou sonje delivrans lan sòti nan Kris la epi li ba nou prensip konpòtman ni pou lavi pèsònèl nou, ni pou lavi sosyal la.

Ki moun ki ekri lèt pou Tit la?

Menm jan ak pou de lèt pou Timote yo, gen kèk moun ki kwè lèt sa a se pa Pòl ki ekri l, se ta ka yon patizan l, pou menm rezon nou te wè lè nou t ap esplike lèt pou Timote yo.

Lèt pou Tit la ak premye lèt pou Timote a sanble anpil pou tout lide ak pawòl nou jwenn nan youn ak nan lòt. Sipoze Pòl te nan prizon 2 fwa nan vil Wòm, epi ant premye kout prizon an ak dezyèm nan li te tounen reprann travay apot ak misyonè li, li byen posib li te ekri lèt pou Tit la preske menm lè ak premye lèt pou Timote a: sa vle di apre lane 63, epi anvan dezyèm lèt pou Timote a.

Ki moun Tit ye ?

Tit se te yon Grèk. Li te akonpaye Pòl ak Banabe Antyòch (Galat 2,15). Yo pa t fè sikonsizyon pou li. Sa montre libète Levanjil Jezi Kri a te vin bay moun devan Lalwa Jwif la.

Li mande pou Tit òganize Legliz la nan zile Krèt epi pran defans Pawòl Bondye tout-bon vre a devan fo pwofesè yo ki t ap defòme l, paske yo t ap defann pwòp enterè pa yo.

Kèk nan gwo lide nou jwenn nan lèt sa a ?

Legliz se yon kominote ki òganize dapre sa Apot yo te montre nou (Tit 1,5)

Konpòtman tout kretyen dwe marye ak lafwa l (Tit 2,1-10; 3,1-2)

Delivrans lan se yon favè Bondye fè nou grasa Jezi Kri nan Lespri Sen an (Tit 3,6-7)

Pou yon patizan Jezi Kri, tout manje pwòp, pa gen manje ki kapab sal nanm yon moun (Tit 1,15-16)

Ki konpòtman moun ki alatèt kominote yo dwe genyen, se Ansyen yo ak Episkòp yo (Tit 1,5-9)

Men chapant lèt pou Tit la

Bonjou (1,1-4)

Reskonsablite Tit nan zile Krèt (1,5–3,14)

– Fason li dwe aji ak moun ki alatèt Legliz la (1,5-9)

– Fason li dwe aji ak fo pwofesè yo (1,10-16)

– Fason li dwe aji ak manm kominote yo (2,1-15)

– Reskonsablite moun ki gen lafwa yo (3,1-11)

– Kèk konsèy pou Tit (3,12-14)

– Orevwa (3,15)

1 ¹Pòl, sèvitè Bondye, apot Jezi Kri, pou moun Bondye chwazi yo gen lafwa epi pou yo konnen laverite a, ki dakò ak respè pou Bondye, ²avèk lespwa lavi ki p ap janm fini an, Bondye ki pa bay manti a te pwomèt depi anvan toutan an. ³Lè tan ki te fikse pou sa a te rive, li te fè konnen Pawòl li a aklè nan prèch yo te konfyè mwen menm lan, dapre lòd Bondye Sovè nou an, ⁴pou Tit, pitit toutbon vre poutèt menm lafwa nou genyen an. Favè ak kè poze ki sòti nan Bondye Papa a ak nan Jezi Kri Sovè nou an.

^{2Tm}
2,13

Travay Tit nan Krèt

⁵Se pou sa mwen te kite w Krèt, pou w fin mete lòd nan sa ki te rete pou fè a, ak pou w nonmen kèk Ansyen nan chak vil, dapre lòd mwen te pase w. ⁶Se pou yo chak san repwòch, mesye yon sèl madanm. Pitit li yo dwe gen lafwa, moun yo pa akize pou dezòd ak pou dezobeyisans. ⁷Reyèlman vre, episkòp legliz la, kòm jeran kay Bondye, dwe san repwòch. Fòk li pa ni awogan, ni renmen fè kòlè, ni tafyatè, ni renmen goumen, ni cho dèyè avantaj malonèt. ⁸Men li dwe renmen resevwa moun, renmen sa ki byen, gen tèt an plas, kòrèk, renmen lapriyè, kontwole kò l, ⁹rete kole sou pawòl serye ki kadre ak sa yo te montre a, dekwa pou

^{1Tm}
3,2

^{Eb 3,2;}
^{1Pyè}
5,2

^{1Tm}
1,10

l kapab ankouraje ak montre bagay solid, epi pou li kapab konbat moun ki pa dakò ak yo. ¹⁰Reyèlman vre, gen anpil rebèl, anpil moun k ap pale pou granmesi, k ap detounen lespri lòt. Yo jwenn yo sitou pami sila yo ki fè yo fè sikonsizyon pou yo. ¹¹Se pou yo fè yo fèmen bouch yo. Yo vire kèk fanmi antye tèt anba nan montre y ap montre yo sa yo pa ta dwe montre, pou avantaj malonèt. ¹²Gen youn pami yo, pwòp pwofèt yo, ki te di: «Moun Krèt toujou ap bay manti. Yo se move bèt sovaj, vant parese.» ¹³Deklarasyon sa a vre. Poutèt sa, korije yo sevè pou lafwa yo vin ansante, ¹⁴pou yo pa mete lide yo sou istwa Jwif yo ap rakonte, ni sou lòd moun ki vire do bay laverite a. ¹⁵Pou moun pwòp tout bagay pwòp, men moun ki sal epi ki san lafwa, anyen pa pwòp pou yo, ni lespri yo ni konsyans yo, tout sal. ¹⁶Yo deklare yo konn Bondye, men nan zèv yo, yo montre yo rejte li. Se moun ki degoutan, ki rebèl, ki pa kapab fè anyen ki bon.

^{1Tm}
4,1

^{Mt}
15,11;
23,25;
^{Wm}
14,14

Jan chak moun ki kwè dwe viv

2 ¹Ou menm se pou w pale sa ki kadre ak bagay solid yo montre yo. ²Pale pou granmoun gason yo gen kontwòl kò yo, pou yo respektab e pou yo gen tèt anplas. Se pou yo solid nan lafwa, nan renmen ak nan pasyans.

^{1Tm}
5,1

1,5: Tit te gen pou l òganize Legliz ki nan zile Krèt la, epi pou li mete kèk Ansyen reskonsab nan chak vil. Premye kominote kretyen yo te rete anba pouvwa yon apot, oswa yon moun li voye pou reprezante l.

Moun sa a gen misyon pou òganize kretyen yo pou yo viv lafwa yo nan kominote yo. Dirijan sa a dwe montre kretyen yo anpil bagay, ak fason kominote a dwe fonksyone. Konsa, te vin gen reskonsab yo rele «Episkòp» ki vle di Sipèvizè. Se nan mo sa a mo Evèk la sòti. Nou pa fin konnen byen ni kouman yo te òganize yo, ni sa ki te wòl yo.

Lè apot yo ak reprezantan apot yo vin mouri, reskonsablite kominotè sa yo vin devlope, epi yo vin chanje dapre bezwen kominote yo genyen ak ladrès reskonsab yo.

Pi ta, sanble yon Episkòp ta alaltèt plizyè kominote kòm sipèvizè, ak Dyak yo kòm sekretè.

Sa nou jwenn nan lèt sa a sou ki kalite yon moun te dwe genyen pou l vin Ansyen ak Episkòp, li fè nou sonje sa nou li nan 1 Timote ak 2 Timote.

– *Mesye yon sèl madanm.* Se pa t yon obligasyon pou yo te marye, men yo te konn sakre yon gason ki te gen yon sèten laj, epi ki te marye deja.

1,12: «Pwòp Pwofèt yo.» Vèsè sa a pale sou yon pwofèt yo rele Epimenidas. Li pa t pale byen pou moun nan zile Krèt yo. Li se yon «pwofèt» nan sans li se yon gwo dirijan entelektyèl, ki di pèp la laverite ki pa fè l plezi.

1,15: «*Pou moun pwòp tout bagay pwòp.*» Se yon avètisman pou sila yo ki kontinye kenbe kèk abitud oswa kèk prensip ki pa kadre ak Levanjil la (Mak 7,1-23) sitou nan sa ki an rapò ak sèmoni pou pwòp, oswa ak afè manje.

^{1Tm 3,11} ³Konsa tou, se pou granmoun fanm yo gen yon konpòtman ki ale ak moun ki apa pou Bondye: yo pa dwe nan tripotay, ni lage kò yo nan bweson, men yo dwe montre moun sa ki bon. ⁴Konsa, yo va montre jèn medam yo kontwole tèt yo, pou yo renmen mari yo ak pitit yo, ⁵pou yo gen tèt anplas, kè pwòp, okipe lakay yo byen, pou yo soumèt yo devan pwòp mari yo, dekwa pou moun pa derespekte Pawòl Bondye a. ⁶Menm jan tou, ankouraje jèn mesye yo pou yo kontwole tèt yo. ⁷Ou menm, nan tout bagay, se pou w bay tèt ou kòm egzanp nan fè bon zèv: montre sa ki kòrèk yon jan ki respektab. ⁸Fòk pawòl ou solid, san repwòch, dekwa pou nenpòt moun nan sa ki kont nou yo sòti wont paske li pa jwenn anyen ki mal pou li di sou nou. ⁹Ankouraje pou esklav yo obeyi mèt yo nan tout bagay, pou yo fè yo plezi san yo pa kontrarye yo, ¹⁰pou yo pa vòlè anyen, okontrè pou yo montre yo se moun serye, pou, nan tout bagay yo respekte pawòl Bondye Sovè nou an te montre a. ¹¹Reyèlman vre, favè Bondye, ki pote delivrans pou tout moun te parèt aklè. ¹²Li montre nou voye mank respè pou afè Bondye jete, ak move anvi ki sou tè a. Konsa pou nou viv nan tan sa a kòm moun tèt anplas, kòrèk epi ki renmen sèvi Bondye, ¹³antan n ap tann bonè ki bay lespwa a epi glwa gwo

Ef 5,22;
Kol 3,18

1Pyè 2,15

Ef 6,5;
1Tm 6,1

1Jn 2,16

1Kor 1,7;
Flp 3,20

Bondye ak Sovè nou an, Jezi Kri ki pral parèt la. ¹⁴Li bay tèt li pou nou, pou delivre nou anba tou sa ki mal, pou li pwòpte yon pèp ki pou li, yon pèp ki cho nan fè sa ki bon. ¹⁵Pale sa, bay ankourajman, epi korije ak anpil otorite. Pinga pèsonn meprize w.

19,5;
Ef 5,25

1Tm 4,12

Devwa tout moun ki kwè

3 ¹Fè yo sonje pou yo soumèt yo devan chèf yo ak otorite yo, pou yo obeyi, epi pou yo pare pou yo fè tout kalite bon zèv. ²Yo pa dwe derespekte pèsonn, yo pa dwe renmen goumen, yo dwe gen bon jan, epi montre yo tou dou ak tout moun. ³Paske nou menm tou, yon lè, nou te san lespri, rebèl, moun ki pèdi chemen yo, esklav tout kalite move anvi ak plezi. Nou t ap viv nan mechanste, nan jalouzi, nou te merite yo rayi nou e youn t ap rayi lòt. ⁴Men lè bon kè Bondye Sovè nou an, ak renmen li gen pou moun te parèt, ⁵se pa akòz zèv kòrèk nou te fè, men dapre kè sansib li, li sove nou gras yon beny ki ban nou yon lòt lavi epi ki fè nou vin tounèf nan Lespri Sen an. ⁶Li te vide li sou nou pou piyay, grasa Jezi Kri Sovè nou an. ⁷Konsa vini nou vini kòrèk grasa favè Sila a, nou vin eritye ak lespwa lavi ki p ap janm fini an. ⁸Men yon pawòl serye: mwen vle w bay koze sa yo anpil enpòtans, pou moun ki kwè nan Bondye mete lide yo

Wm 13,1;
1Pyè 2,13;
1Tm 2,2

Ef 2,5;
5,8

2Tm 1,9;
Ef 2,8;
5,26

Wm 3,24;
8,17

2,9-10: Se sa a ki te règleman lanpi women an. Yo pa t kritike esklavaj la, jan sa ap fèt jounen jodi a. Sèl bagay yo te pretann se te rann lavi yo mwen di epi soulaje konsekans li yo, men yo pa t pale sou libere moun yo. Vèsè sa yo montre nou kouman kominote kretyen an, nan premye tan yo, te dakò ak sistèm nan. Men an menm tan yo mete yon prensip ki kapab demoli vye enstisyon esklavaj la nèt: Batèm nan te fè tout moun, fanm kou gason, esklav ak moun ki lib, tounen pitit Bondye, kidonk frè ak sè.

Nan sosyete Grèk ak Women an, kote Legliz la te devlope a, yon esklav pa t kapab chita menm kote ak mèt li. Anndan kominote a, okontrè, yo te konn manje ansanm, selebre Repa Granmèt la ansanm, youn te konn rele lòt frè ak sè. Se sèl lanmou toutbon an ki kapab mennen nou chanje relasyon mèt ak esklav sa yo an relasyon frè ak

frè, sè ak sè. Sa pa t rive nan okenn lòt gwoup sosyal ki te nan epòk sila a.

2,13: Espere wè Jezi Kri ki te leve byen vivan an se gadè nan direksyon reyalizasyon pwojè Bondye a nan listwa, lè Jezi Kri pral tounen ak tout bèltè li.

2,14: Vèsè sa a fè pati yon chante kretyen yo te konn chante pou yo fè lwanj pou Kris la. Li montre aklè kouman kominote kretyen yo te montre lafwa yo nan Jezi Kri Pitit Bondye a.

3,1: Epitou kòm obeyisans se deja potomitan lavi fanmi yo ak lavi sosyal nan lanpi women an, lèt la mande pou obeyisans fidèl yo sòti nan fon kè yo, epi li vle pou kretyen yo rann mesaj Levanjil la enteresan pou moun ki nan vwazinaj yo, pou yo pa refize Kris la.

sou fè bon zèv anvan tout bagay. Bagay sa yo bèl epi yo itil moun. ⁹Kanta diskisyon sòt yo, ak kesyon lis zansèt, epi chèche kont ak goumen pou koze Lalwa, evite sa. Reyèlman vre, sa pa itil epi se tenten. ¹⁰Yon moun ki fè bann apa, apre youn oswa de avètisman, evite l. ¹¹Ou konnen yon moun konsa se yon pèvèti, yon pechè ki kondane tèt li.

Dènye mo pou fini

¹²Lè m a voye Ate mas oswa Tikikòs

kote w, prese vin jwenn mwen Nikopolis, paske se la mwen deside pase sezon fredyèl a. ¹³Prese pare vwayaj Zenon, avoka a, ak Apolòn, dekwa pou yo pa manke anyen. ¹⁴Se pou moun pa nou yo tou aprann fè bon zèv anvan tout bagay, devan nesite ki prese yo. Konsa yo p ap rete san yo pa donnen. ¹⁵Tout moun ki ak mwen yo voye di w bonjou. Tou sa ki renmen nou yo nan lafwa, di yo bonjou pou mwen. Favè a ak nou tout.